# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## БИРЖАЛАР ҲӘМ БИРЖАЛЫҚ ЖУМЫС ҲАҚҚЫНДА

**(жаңа редакция)**

Бул редакция 14.05.2005-ж. 39/III-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
29.08.2007-ж. 141/III-санлы ҚР Нызамы
05.10.2007-ж. 165/III-санлы ҚР Нызамы
28.12.2010-ж. 64/IV-санлы ҚР Нызамы

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети биржаларды шөлкемлестириў ҳәм олардың жумыслары менен байланыслы болған қатнасықларды тәртиплестириўден ибарат.

### 2-статья. Биржалар ҳәм биржалық жумыс ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери

Биржалар ҳәм биржалық жумыс ҳаққындағы нызам усы Нызам ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринен ибарат.

Бул Нызам валюта биржасына қолланылмайды.

### 3-статья. Биржа түсиниги

Биржа-юридикалық тәреп болып, алдын-ала тайынланған орын ҳәм белгиленген ўақытта, белгиленген қағыйдалар тийкарында ашық ҳәм жәриялылық жағдайында биржа саўдаларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў арқалы биржа товарлары саўдасы ушын шараят жаратып береди.

### 4-статья. Биржалық жумыс

Биржалық жумыс-биржа саўдаларын шөлкемлестириў ҳәм талап және усыныстың ҳақыйқый жағдайын анықлаў тийкарында биржа товарларының баҳасын шығарыў арқалы биржа товарларының базарын дүзиўге қаратылған ҳәрекетлер жыйындысынан ибарат.

### 5-статья. Биржалық жумысты лицензиялаў

Биржалар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте тийисли лицензия алғаннан кейин биржалық жумысларды әмелге асырыў ҳуқықына ийе болады.

### 6-статья. Биржа жумысының мәмлекет тәрепинен ретлестирилиўи

Биржалар жумысын мәмлекет тәрепинен ретлестириў Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленетуғын тәртипте

биржалар жумысларын ретлестириўши ўәкилликли уйымлар тәрепинен әмелге асырылады.

Биржалар ямаса олардың ағзалары тәрепинен биржалар ҳәм биржа жумысы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылған жағдайда, биржалар жумысын ретлестириўши ўәкилликли уйымлар анықланған нызам бузыўшылықларды сапластырыў ҳаққындағы орынланыўы шәрт болған көрсетпелер киргизиўге ҳақылы.

Биржалар жумысын тәртипке салыўшы ўәкилликли уйымлардың усы Нызамның 14 ҳәм 15-статьялары талапларының бузылыўын сапластырыў ҳаққындағы көрсетпелери биржалар тәрепинен орынланбаған жағдайда, биржалар жумысын тәртипке салыўшы ўәкилликли уйымлар биржа лицензиясының ҳәрекет етиўин он ис күнинен артық болмаған мүддетке тоқтатып қойыўға яки биржа лицензиясының ҳәрекет етиўин он ис күнинен артық болған мүддетке тоқтатып қойыў ямаса оның ҳәрекет етиўин бийкарлаў ҳаққында судқа мүрәжат етиўге ҳақылы.

Биржалар жумысларын ретлестириўши ўәкилликли уйымлардың нызам бузыўшылықларды сапластырыў ҳаққындағы көрсетпелери орынланбаған жағдайда (усы статьяның үшинши бөлиминде нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди), биржалар жумысын ретлестириўши ўәкилликли уйымлар биржадан ҳәм (ямаса) оның ағзаларынан ең аз айлық мийнет ҳақының еки жүз есесине шекем болған муғдарда жәрийма өндириў ҳаққындағы даўа арзасы менен судқа мүрәжат етиўге ҳақылы.

Биржалар жумысларын ретлестириўши ўәкилликли уйымлар усы статьяның төртинши бөлиминде көрсетилген тийкарлар бойынша судларға мүрәжат еткенде мәмлекетлик бажы төлеўден азат етиледи.

**7-статья. Биржалық жумыстың тийкарғы принциплери**

Биржалық жумыстың тийкарғы принциплери төмендегилерден ибарат:

биржа саўдаларын жәриялылық жағдайында ҳәм ашық түрде өткериў;

биржа саўдаларында баҳалардың еркин қәлиплесиўи;

биржа келисимлерин дүзиўдиң ықтыярлылығы;

биржаның барлық ағзаларының биржа саўдаларында қатнасыўы ушын шараятлардың теңлиги.

**8-статья. Биржа товары**

Белгиленген тәртипте биржа саўдаларына шығарылған тийисли түр ҳәм сападағы товар, соның ишинде товарға тийисли стандарт контракт биржа товары есапланады.

Жер, жер асты байлықлары, суўлар, басқа тәбийий ресурслар, мәдений мийрас ҳәм интеллектуал мүлк объектлери, сондай-ақ нызам ҳүжжетлерине

муўапық пуқаралық айланыстан шығарылған мүлк биржа товары болыўы мүмкин емес.

**9-статья. Биржа листинги**

Биржа листинги дегенде биржа товарларын биржа мағлыўматнамасына киргизген ҳалда биржа саўдаларына қойыў тәртиби түсиниледи.

Биржа листингин өткериў тәртиби биржа саўдасы қағыйдалары менен белгиленеди.

**10-статья. Брокерлик орын**

Брокерлик орын-биржа тәрепинен юридикалық шахсларға, әдетте төлемли тийкарда берилетуғын, биржа келисимлеринде ҳәм биржа жумысында усы Нызамға муўапық қатнасыў ҳуқықы. Биржа акционерине брокерлик орын оны сатыў ҳуқықысыз берилиўи мүмкин.

Брокерлик орынның ийеси тек бир шахс болыўы мүмкин.

Брокерлик орын екинши тәрепке ижараға берилиўи мүмкин емес.

Биржаның өзи сататуғын брокерлик орынның басланғыш баҳасын биржаның атқарыўшы уйымы белгилейди.

Брокерлик орынның баҳасы биржаның уставлық қорына киргизилиўи мүмкин емес.

**11-статья. Биржаның шөлкемлестириў-ҳуқықый формасы**

Биржалар нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған ҳәр қандай шөлкемлестириў-ҳуқықый формаларда дүзилиўи мүмкин.

Биржаның уставлық қорының муғдары биржа дизимге алынған сәнедеги жағдай бойынша нызам ҳүжжетлери менен белгиленген ең аз айлық мийнет ҳақының он мың дәрежеси муғдарынан кем болыўы мүмкин емес.

Биржаның фирмалық атамасы «биржа» сөзин өз ишине алған болыўы керек.

**12-статья. Биржаның уставы**

Биржа өз жумысын шөлкемлестириўшилери тастыйықлайтуғын устав тийкарында әмелге асырады.

Биржаның уставында төмендегилер белгиленген болыўы керек;

биржаның атамасы ҳәм оның түри;

биржаның жайласқан орны (почта мәнзили);

биржалық жумыстың тараўы ҳәм мақсетлери;

уставлық қорының муғдары, шөлкемлестириўшилер тәрепинен қорға үлеслер киргизиўдиң тәртиби ҳәм мүддетлери;

дәраматты бөлистириў ҳәм болыўы мүмкин болған зәреллерди қаплаў тәртиби;

биржа шөлкемлестириўшилери ҳәм ағзаларының мүлклик жуўапкершилиги;

биржаның басқарыў уйымлары, оларды дүзиў тәртиби ҳәм олардың ўәкилликлери;

биржа саўдасы қәделерин ислеп шығыў ҳәм қабыл етиў тәртиби;

биржа ағзалығына қабыл етиў, ағзалықты тоқтатып қойыў ҳәм бийкарлаў тәртиби, биржа ағзаларының ҳуқықлары ҳәм миннетлери;

биржаның қайта дүзиў ҳәм сапластырыў тәртиби.

Уставта нызам ҳүжжетлерине қайшы келмейтуғын басқа режелерде нәзерде тутылыўы мүмкин.

**13-статья. Биржаның ҳуқықлары**

Биржа:

. баҳа белгилеў, төрешилик, листинг, қадағалаў ҳәм басқа биржа комиссияларын дүзиўге;

егер биржа келисимлериниң баҳасы күн даўамында биржа тәрепинен белгиленген баҳадан артығырақ өзгерип кетсе, биржа саўдасын тоқтатыўға;

биржа тәрепинен көрсетилетуғын хызметлер ушын төленетуғын ҳақы муғдарын белгилеўге;

биржа саўдасы қәделерин бузғанлық ушын жәриймалар ҳәм пенялар белгилеў және өндириўге;

биржа бюллетеньлерин, мағлыўматнамаларды және басқа да мәлимлемелик ҳәм рекламалық басылымларды шығарыўға ҳақылы.

Нызам ҳүжжетлерине, биржаның уставы ҳәм биржа саўдасы тәртиплерине муўапық, биржа басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**14-статья. Биржаның миннетлери**

Биржа:

биржа саўдасы қәделерин белгилеўге;

биржа бюллетенине киргизилген биржа товарлары саўдасын шөлкемлестириўге;

биржа товарларына болған талап ҳәм усыныстың тийкарында олардың баҳаларын шығарып турыўға;

турақлы түрде (ҳәптесине кеминде бир мәрте) ғалаба хабар қуралларында биржа товарлары баҳасын дағазалаўға, биржа ағзаларын ҳәр бир биржа саўдасының жуўмақлары туўралы хабардар етиўге миннетли.

Нызам ҳүжжетлерине, биржа уставы ҳәм биржа саўдасы қәделерине муўапық, биржаның басқа миннетлери де болыўы мүмкин.

**15-статья. Биржаларды шөлкемлестириў ҳәм олардың жумысы саласындағы шеклеўлер**

Биржа өндирислик, саўда, саўда-дәлдалшылық жумысларын тиккелей әмелге асырыўы, сондай-ақ басқа юридикалық шахслардың шөлкемлестириўшиси (акционери) болыўы мүмкин емес, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары биржа шөлкемлестириўшиси (акционери) бола алмайды, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

Биржа хызметкерлерине брокерлик орынларды сатып алыў, сондай-ақ хызмет мағлыўматларынан хызмет ўазыйпаларын орынлаў менен байланыслы болмаған мақсетлерде пайдаланыў қадаған етиледи.

Биржада:

биржа мағлыўматнамасына киргизилмеген товарларды биржа саўдаларында сатыўға;

биржа саўдалары қатнасыўшыларының белгиленип қойылған биржа баҳаларының өзгериўине ямаса қатаң етип қойылыўына алып келиўи мүмкин болған ҳәр қандай келисилген ҳәрекетлер етиўине;

базар конъюнктурасын жасалма рәўиште өзгертиўге себепши болыўы мүмкин болған жалған мағлыўматларды тарқатыўға;

биржа саўдаларын өткерместен биржа ағзалары арасында дүзилген биржа келисимлерин дизимге алыўға жол қойылмайды.

**16-статья. Биржа ағзалары**

Биржа тәрепинен белгиленген тәртипте усы биржадағы брокерлик орнын сатып ямаса басқа жол менен алған юридикалық шахслар биржа ағзалары болып есапланады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, олардың лаўазымлы шахслары, сондай-ақ биржа хызметкерлери биржа ағзасы болыўы мүмкин емес.

**17-статья. Биржа ағзаларының ҳуқықлары**

Биржа ағзалары:

биржа саўдаларында қатнасыў ҳәм биржа келисимлерин дүзиў;

биржа ағзаларының улыўма жыйналысларына қатнасыў;

биржа комиссияларын сайлаў ҳәм оларға сайланыў;

биржа саўдасы қәделерин ислеп шығыўда қатнасыў;

биржа хызметкерлеринен пайдаланыў ҳәм усы Нызамға муўапық брокерлик орынға ийелик етиў ҳуқықына ийе.

Нызам ҳүжжетлерине, биржа уставы ҳәм биржа саўдасы қәделерине муўапық, биржа ағзалары басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин.

**18-статья. Биржа ағзаларының миннетлери**

Биржа ағзалары:

биржа саўдасы қәделерине бойсыныўға;

биржа мағлыўматнамасына киргизилген биржа товарлары саўдасын әмелге асырыўға;

биржа мағлыўматнамасына киргизилген товарлар бойынша биржадан тысқары базарда алды-сатты шәртнамаларын дүзбеўге;

қарыйдарлар талабына муўапық оларға брокерлик орнын сатып алыў сәнеси ҳәм оның тәртип саны ҳаққындағы мағлыўматты бериўге;

қарыйдарға оның мәплерин гөзлеп дүзилген келисимлер, сондай-ақ оның тапсырмалары орынланыўы менен байланыслы болған мағлыўматты өз ўақтында бериўге;

қарыйдар менен шәртнама дүзилип атырғанда оны биржа саўдасы қағыйдалары ҳәм есапласыў-клиринг хызметин көрсетиў шәртлери менен таныстырыўға;

қарыйдар есабынан дүзилген биржа келисимлериниң айрықша есабын жүргизиўге миннетли.

Нызам ҳүжжетлерине, биржа уставы ҳәм биржа саўдасы қәделерине муўапық, биржа ағзаларының басқа миннетлери де болыўы мүмкин.

**19-статья. Биржа ағзаларының улыўма жыйналысы**

Биржа ағзаларының улыўма жыйналысы биржаның атқарыўшы уйымының интасы менен жылына кеминде бир мәрте шақырылады.

Биржа ағзаларының гезексиз улыўма жыйналысы, егер оны шақырыў ҳаққындағы талап брокерлик орынлардың улыўма санының кеминде он процентине ийе болған ағзалары тәрепинен жазба түрде билдирилген болса, шақырылыўы мүмкин.

Биржа ағзаларының улыўма жыйналысы:

биржа саўдасы қәделерин ҳәм биржа комиссияларының қурамын келисип алыў ҳаққында шешим қабыл етеди;

биржа жумысларын жетилистириў ҳәм биржа саўдаларының нәтийжелилигин арттырыў мәселелери бойынша усыныслар таярлайды ҳәм оларды биржаның басқарыў уйымларына береди;

биржа уставына муўапық басқа мәселелерди де шешеди.

Биржа ағзаларының улыўма жыйналысын өткериў ҳәм жыйналыс тәрепинен шешимлерди қабыл етиў тәртиби биржа ағзаларының улыўма жыйналысында тастыйықланады.

**20-статья. Биржа саўдалары**

Биржа тәрепинен, биржа саўдасы қәделерине муўапық шөлкемлестирилетуғын биржа товарының саўдасы-биржа саўдалары болып табылады.

Биржа саўдалары биржада орайластырылған түрде ҳәм усы саўдаларда биржаның барлық ағзаларына бир ўақытта қатнасыўы имканияты берилген ҳалда өткериледи.

**21-статья. Биржа саўдасы қәделери**

Биржа саўдасы қәделеринде төмендегилер көрсетилиўи керек:

биржада әмелге асырылатуғын биржа келисимлеринин түрлери;

биржа келисимлери қатнасыўшыларының қурамы ҳәм оларға қойылатуғын талаплар жыйындысы;

биржа саўдаларын, биржа келисимлерин әмелге асырыў ҳәм олардың нәтийжелерин дизимге алыў ҳәмде оларды рәсмийлестириў тәртиби;

биржа товарларының баҳасын шығарыў тәртиби;

товарларды биржа саўдаларына қойыўға рухсат бериў тәртиби (листинг);

биржа келисимлери қатнасыўшылары арасындағы есапласыўлар тәртиби;

биржа саўдасында айланыста болатуғын стандарт контрактлар тәрийпи;

егер саўда майданшалары ямаса бөлимлери биржа тәрепинен дүзилген болса, олардың дизими ҳәм атамалары;

биржа саўдаларын өткериў тәртиби;

биржа ағзаларына мәлимлеме хызметин көрсетиў тәртиби;

биржадағы баҳаны қәлиплестириў барысы үстинен қадағалаў жүргизиў тәртиби;

биржада келиспеўшиликлерди шешиў тәртиби;

биржа ағзалары ҳәм хызметкерлеринин биржа саўдасы қәделерин бузғанлығы ушын жуўапкершилиги ҳаққындағы қағыйдалар;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да қағыйдалар.

Биржа саўдасы қәделерин ислеп шығыў ҳәм қабыл етиў тәртиби биржа уставында белгиленеди.

**22-статья. Биржа келисими**

Биржа тәрепинен дизимге алынған биржа товары туўралы биржа саўдасының биржадағы нәтийжеси бойынша дүзилген алды-сатты шәртнамасы биржа келисими болып есапланады.

Биржада дизимге алынған келисимлер нотариал тастыйықланбайды, нызамларда нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

Биржа келисимлери биржа атынан ҳәм есабынан әмелге асырылыўы мүмкин емес.

**23-статья. Биржа келисимлериниң түрлери**

Биржада биржа товарларын алды-сатты келисимлери, соның ишинде:

реал товарды өзгеге тапсырыў ямаса жеткерип бериў, ямаса товарға меншик ҳуқықын бериўши ҳүжжетлерди басқа биреўге тапсырыў менен байланыслы келисимлер;

форвард келисимлер-реал товарды жеткерип бериў мүддети кешиктирилген ҳалдағы алды-сатты келисимлери;

фьючерс келисимлери – товарларға болған стандарт контрактлардың алды-сатты келисимлери (оларды келешекте орынлаў миннетлемесин алған ҳалда);

опцион келисимлер – товарларды ямаса товарларды жеткерип бериў контрактларын белгиленген баҳа бойынша келешекте сатып алыў ямаса сатыў ҳуқықларына байланыслы алды-сатты келисимлери дүзилиўи мүмкин.

Биржа усы статьяның биринши бөлиминиң үшинши-бесинши абзацларында нәзерде тутылған, дүзилген келисимлердиң орынланыўын кепиллик бериўи шәрт.

Биржа келисиминиң мазмуны (товардың атамасы, муғдары, баҳасы, келисим дүзилген сәне ҳәм ўақыт және оны дүзген биржа ағзаларының аты буған кирмейди) әшкара етилиўине жол қойылмайды. Биржа келисиминиң мазмуны ҳаққындағы мағлыўмат судларға, қозғатылған жынаят иси бар болған жағдайда сорастырыў ҳәм тергеў уйымларына бериледи.

Биржа келисиминиң мазмуны ҳаққындағы жынаят жолы менен арттырған дәраматларды легалластырыўға ҳәм терроризмди қаржыландырыўға қарсы гүресиўге байланыслы болған мәлимлеме нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте арнаўлы ўәкилликли мәмлекетлик уйымға усынылады.

**24-статья. Биржа келисимлериниң қатнасыўшылары**

Биржа ағзалары биржа келисимлериниң қатнасыўшылары болып есапланады. Биржа ағзалары (брокерлер) қарыйдарлардың тапсырмаларына муўапық, сондай-ақ өз атынан ҳәм өз есабынан (дилерлер) келисимлер дүзиўи мүмкин.

Биржа ағзалары арасындағы биржа келисимлери биржа саўдаларының нәтийжелерине қарап дүзиледи.

**25-статья. Есапласыў-клиринг хызметин көрсетиў**

Биржаның ямаса басқа шөлкемлердиң:

биржа ағзалары ҳәм олардың қарыйдарларының миннетлерин белгилеў, айқынластырыў ҳәм есапқа алыў, олар арасындағы өз-ара есапласыўларды әмелге асырыў;

келисимлердиң орынланыўының қаржылай кепилликлерин тәмийинлеў;

биржа ағзалары ҳәм олардың қарыйдарларының миннетлемелерин есапқа алыў, келисим бойынша өз-ара есапласыўларды ҳәм төлеўлерди, соның ишинде

келисимди әмелге асырыўда қатнасқан тәреплерге комиссионлық ҳақы төлеў есапласыў-клиринг хызметин көрсетиў деп тән алынады.

**26-статья. Даўларды шешиў**

Биржа, оның ағзалары ҳәм қарыйдарлары, биржалардың жумысларын ретлестириўши ўәкилликли уйымлар арасында пайда болатуғын даўлар суд тәрепинен шешиледи.

Биржа ағзалары, биржа саўдаларының қатнасыўшылары ҳәм олардың қарыйдарлары арасында биржа саўдасы қағыйдаларында нәзерде тутылған мәселелер бойынша келип шығатуғын даўлар биржаның төрешилер комиссиясы ямаса суд тәрепинен шешиледи. Даўларды қарап шығыў ушын төрешилик комиссиясы тәрепинен жыйым өндириў қадаған етиледи.

**27-статья. Биржалар ҳәм биржалық жумыс ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлық ушын жуўапкершилик**

Биржалар ҳәм биржалық жумыс ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң бузылыўында айыплы шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.